

Pwogram Èd pou Lwaye LINC IV

Fèy Enfòmasyon pou Kliyan DHS yo

Fevriye 2018

Kisa Pwogram Èd pou Lwaye LAVI NAN KOMINOTE (LIVING IN COMMUNITIES, LINC) IV a ye?

Kounye a Pwogram Èd ak Lwaye LINC IV (LINC IV Rental Assistance Program) nan ap vize adilt ki poukont yo ak fanmi adilt k ap viv nan chèlètè Depatman Sèvis pou Moun ki Sanzabri (Department of Homeless Services, DHS) Vil New York, refij ak sant ki disponib pou moun san randevou k ap travay, oswa ki gen ladan yon moun ki gen laj 60 an oswa pi gran, k ap resevwa SSI, SSD, oswa avantaj andikap oswa konpansasyon veteran oswa ki p ap resevwa pou kounye an avantaj sa yo men Administrasyon Resous Imèn (Human Resources Administration, HRA) Vil New York te detèmine yo ka gen posiblite pou yo kalifye pou resevwa avantaj sa yo. LINC IV ka ede fanmi ki kalifye yo deplase soti nan chèlètè tanporè pou ka ijans yo, pou retounen nan kominote a pi vit posib lè yo peye yon pòsyon nan lwaye fanmi la pou yon (1) ane, epi yo dwe fè yon evalyasyon chak ane pou detèmine rekonfimasyon, pou yo konnen si fanmi an ap toujou bezwen èd. Paske nou pa gen ase lajan ki disponib, se sèlman detwa grenn fanmi k ap resevwa èd pou lwaye LINC IV. Kidonk, se pa chak kliyan ki satisfè kritè anwo a ki pral resevwa èd LINC IV pou lwaye.

Pwogram Èd pou Lwaye LINC IV:

- Ede ou peye lwaye ou, si ou kalifye epi si gen finansman ki disponib.
- Yo egzije ou peye 30% nan revni fanmi ou (sa nou te touche ak pa t touche nan travay) pou lwaye yon apatman, oswa \$50 pou lwe yon chanm.
- Kapab renouvle depi finansman pou pwogram nan toujou disponib epi ou kontinye bezwen èd.

Kijan pou mwen konnen si mwen kalifye?

Ou kapab kalifye si:

- Kounye a ou nan yon chèlètè DHS pou adilt selibatè oswa fanmi adilt yo, oswa nou yon refij oswa sant ki disponib san randevou yo.
- Omwen yon moun nan fanmi ou gen 60 tan oswa pi gran oswa l ap resevwa avantaj SSI, SSD, oswa avantaj oswa konpansasyon veteran ki andikape. Sepandan, LINC IV disponib tou pou fanmi ki gen yon moun ki gen posiblite pou li kalifye pou avantaj sa yo, men ki poko ap resevwa yo. Si ou panse ou kapab kalifye pou avantaj andikap, tanpri pale avèk manadjè dosye ou.
- Ou gen yon dosye Èd Piblik ki Aktif oswa ki gen yon Sèl Pwoblèm. Si ou pa genyen yon dosye Èd Piblik kounye a, tanpri pale ak manadjè dosye ou pou w wè si ou kalifye.
- Revni fanmi ou pa depase 200% nivo federal pòvrete a.
- Nou te klase fanmi ou kòm yon priyorite selon kantite tan nou te nan chèlètè an.

Si HRA ak DHS detèmine ou kalifye, ou pral resevwa yon lèt sètifikasyon ki pral valab pou 90 jou. Apre 90 jou fin pase, si ou poko itilize lèt la pou jwenn lojman pèmanan, HRA ak DHS pral detèmine si ou toujou satisfè kondisyon pou kalifye yo. Si ou gen pwoblèm pou jwenn lojman oswa si ou gen kesyon, ou dwe kontakte manadjè dosye ou oswa espesyalis lojman nan etablisman ou an.

Epitou, sonje lèt sètifikasyon an p ap valab ankò si pa gen ase finansman pou pwogram nan oswa si li fini.

Kijan pou mwen renouvle èd ak lwaye mwen apre premye ane mwen nan kominote a?

Apre premye ane ou, ou kapab resevwa renouvèlman chak ane depi gen finansman ki disponib, revni fanmi ou pa depase 200% nivo pòvrete a, epi fanmi ou kontinye gen yon moun ki gen 60 tan oswa pi gran oswa yon moun k ap resevwa avantaj oswa konpansasyon SSI, SSD, oswa veteran andikape.

Konbyen lajan m ap gen pou peye pou lwaye a?

Si ou kalifye, epi ou enskri nan Pwogram Èd ak Lwaye LINC IV a, ou dwe kontribye 30% nan revni fanmi ou, si genyen, pou peye lwaye ou. Si ou resevwa yon alokasyon pou chèlètè nan èd piblik chak mwa ou, sa pral garanti tout kontribisyon ou pou yon chanm epi li pral garanti yon pati nan kontribisyon ou pou yon apatman. Yo etabli kantite kontribisyon ou pou ane a lè ou siyen kontra lwaye ou epi yo p ap chanje li pandan premye ane ou nan pwogram LINC IV la, men yo pral evalye li nan moman renouvèlman chak ane ou pou pwogram lan. Revni total fanmi ou gen ladan revni ou te touche nan travay ak revni ou pa te touche nan travay, tankou SSI / SSD. Yo pa gen revni travay sibvansyone, tankou revni ki soti nan Depatman Pak TEAP (TEAP Parks Department) ak Pwogram Travay Kolèj ki Pèmèt ELEV yo Travay Mwatye-Tan kòm revni. Sepandan, yo mete revni ki soti nan Pwogram pou Jwenn Travay Pwovizwa pou Soti nan Chèlètè (Shelter Exit Transitional Jobs Program, SET) kòm revni.

Ou **pa ta dwe** peye ni lwaye ki plis pase kantite lajan kontribisyon chak mwa ou, ni ou pa ta dwe peye okenn depo sekirite oswa frè koutye. (Se Vil la k ap peye toude depo sekirite ak frè koutye a, si li nesèsè.) Yo rele peman sa yo akò sou kote epi yo **entèdi** dapre pwogram LINC IV la. Si nenpòt moun mande ou pou fè yon peman konsa, ou ta dwe rele nimewo 311 oswa 929-221-0043.

Ki kantite lajan èd ak lwaye a ki disponib?

Pwogram LINC IV la gen anpil fleksibilite epi kapab sipòte ou pou fè tranzisyon ou al abite nan apatman ki gen kontra lwaye oswa pou lwe yon chanm.

Si ou pral viv nan yon apatman ki gen kontra lwaye:

Si ou pral viv nan yon apatman grasa LINC IV, kantite Pwogram Èd ak Lwaye LINC IV ou a pral depann sou revni fanmi ou ak sou konbyen moun ki nan fanmi ou.

Ou kapab jwenn kantite lajan lwaye maksimòm la yo ranfòse nan tablo anba a.

Tanpri sonje pwopriyetè yo pa gen pèmisyon pou yo fè ou peye okenn frè ki pa sa ki endike legalman nan kontra lwaye a. Pwopriyetè yo pa gen dwa chaje ou plis lajan pou chofaj ak dlo cho. Pou pwoteksyon ou, ou pa dwe dakò patisipe nan okenn akò sou kote. Ou ta dwe fè DHS oswa HRA konnen imedyatman si nenpòt moun mande ou pou fè sa lè ou rele nimewo 311 oswa 929-221-0043.

Tout kontra lwaye yo se ant oumenm ak mèt kay ou, epi Vil la pa yon pati nan kontra lwaye a.

Tablo sou Pwogram Èd pou Lwaye LINC IV a									
Kantite moun ki nan moun fanmi ou	1 oswa 2	3	4	5	6	7	8	9	10
PRI LWAYE MAKSIMÒM	\$1,268	\$1,515	\$1,515	\$1,956	\$1,956	\$2,197	\$2,197	\$2,530	\$2,530

Egzanp LINC IV

Annapre a se yon egzanp nan kontribisyon lokatè a ak kantite lajan lwaye. Yo pral baze kontribisyon ou ak kantite lwaye maksimòm sou revni fanmi ou ak konbyen moun ki nan fanmi an.

Kantite moun fanmi la:	2
Lwaye Maksimòm:	\$1,268
Revni Kay Chak Mwa:	\$1,320
Kontribisyon Lokatè a Chak Mwa:	\$396
Sibvansyon Chak Mwa:	\$872

Si ou pral viv nan yon chanm lwe oswa viv ak yon lòt moun:

Si ou pral viv nan yon chanm lwe oswa viv ak yon lòt moun grasa LINC IV, kantite lwaye maksimòm lan se \$800 epi kantite lajan an pou èd LINC IV pou lwaye kay pral diferans lan ant peman lwaye aktyèl ou (jiska \$800) ak kontribisyon lokatè ou chak mwa (ki pral egal a \$50).

Kijan mwen kapab jwenn yon apatman oswa chanm ak siyen yon kontra lwaye oswa lòt kalite akò lwaye?

Se espesyalis lojman oswa manadjè a ki pral ede mete ou nan kontak avèk pwopriyetè ak koutye yo. Lè ou jwenn yon apatman oswa chanm, manadjè ka ou pral travay avèk koutye, pwopriyetè oswa lokatè prensipal la pou pwograme yon enspeksyon ak soumèt dokiman apwopriye yo avèk enfòmasyon sou revni pi resan ou bay HRA pou jwenn apwobasyon yo.

Si ou ap lwe yon chanm ba yon lokatè, chanm lan dwe satisfè kritè annapre yo:

- Apatman an pa kapab gen plis pase 3 chanm ak pa plis pase 3 adilt ki pa fanmi (ki gen ladan fanmi ou) ki kapab rete nan apatman an ansanm.
- Si ou ap lwe yon chanm nan men yon pwopriyetè, chanm lan pa kapab nan yon apatman ki gen egzijans Estabilizasyon Lwaye.
- Si ou ap lwe yon chanm nan men lokatè prensipal la nan yon apatman, lokatè prensipal la dwe abite nan apatman an avèk ou epi lwaye a pa kapab plis pase pòsyon pwopòsyonèl ou nan lwaye a baze sou kantite chanm yo ki gen nan apatman an.

Si ou jwenn yon apatman oswa yon chanm poukont ou, tanpri fè espesyalis lojman oswa manadjè ka ou konnen imedyatman konsa yo kapab pwograme yon enspeksyon epi yo kapab bay pwopriyetè oswa lokatè prensipal la dokiman pwogram yo.

Ki èd mwen ka resewva apre mwen al viv nan nouvo kay mwen an?

HRA ak DHS pral rekòmande fanmi yo nan pwogram lan bay founisè ki pral ede yo jwenn kontak avèk sèvis apwopriye yo nan kominote yo.

Enfòmasyon ki nan feyè sa a bay yon apèsi jeneral sou Pwogram Èd ak Lwaye LINC IV a. Enfòmasyon yo pa la pou bay tout detay konsènan operasyon pwogram nan.